



AMERICAN
IMMIGRATION
LAWYERS
ASSOCIATION



Konnen ki dwa ou geyen: Si imigrasyon vin lakay ou

Tout moun ki ap viv Ozetazini, ni sa ki gen papye, ni sa ki pa gen papye, tout gen sèten dwa konstitisyon Ameriken an garanti yo. Si w pa gen papye epi yon ajan imigrasyon (ICE) frape pòt ou, ou gen dwa sa yo:

- **Ou pa oblije ouvè pòt la.** Ou pa oblije ni ouvè pòt la ni kite ajan an antre nan kay la sof si yo gen yon manda yon jij siyen ki bay yo dwa fè fouy epi ki valab.
 - Yon manda pou depòtasyon ki sot nan ICE se pa menm ak yon mandan ki bay otorite dwa fè fouy. Si se mandan depòtasyon an sèlman yo genyen, legalman yo pa gen dwa antre lakay ou sof si se ou menm ki di yo yo mèt antre.
 - Si ajan yo di yo gen yon manda pou yo fouye kay ou mande yo pou yo foute l anba pòt la oswa pou yo montre w li nan yon fenèt pou w ka wè li.
 - Si manda a pa gen bon non ou ak bon adrès ou sou li epi jij la pa siyen li ou pa oblije ni ouvri pòt la, ni kite yo antre nan kay la.
 - Nenpòt lè ou ta deside pale avèk ajan imigrasyon an, ou pa bezwen ouvè pòt la pou w fè sa. Ou ka pale ak yo deyè pòt la oswa ou kapab soti deyò al pale ak yo.
- **Ou gen dwa pou w pa di anyen ditou.** Ou pa oblije di ajan imigrasyon an anyen ditou. Ou pa oblije reponn okenn kesyon li mande w.
 - Si yo mande w ki peyi w te fèt ki lè ou antre Ozetazini, ou ka refize reponn yo oubyen ou ka rete an silans.
 - Si w deside pa di anyen, di yo sa awotwa.
 - Ou ka montre ofisye a kat ki ekri [konnen ki dwa ou genyen](#), kat sa a ap fè l konnen ou pa vle di anyen epi ou ta renmen pale ak yon avoka.

- Ou kapab refize montre idantifikasyon w ki make nan ki peyi ou soti.
- Pinga ou montre yo okenn fo dokiman epi pa ba yo manti.
- **Ou gen dwa pou w pale ak yon avoka.** Si yo arete w oubyen si yo mete w nan prizon, ou gen dwa pou w kontakte yon avoka tousuit.
 - Menm si ou pa gen avoka, ou ka di ajan imigrasyon yo ou vle pale ak yon avoka.
 - Si ou gen yon avoka, ou gen dwa pou w pale ak avoka
 - Si w gen yon [Fòm G-28](#), ki siyen, ki fè konnen ou gen yon avoka, bay ajan an fòm nan.
 - Si w pa gen yon avoka mande ajan imigrasyon an pou yon lis avoka ki travay gratis.
 - Ou gen dwa tou pou w kontakte konsila peyi ou. Konsila a ka ede w jwenn yon avoka.
 - Ou ka refize siyen non w sou nenpòt papye toutotan ou poko pale ak yon avoka.
 - Si w deside siyen yon papye san w pa pale ak yon avoka fòk ou sèten ou konn sa papye a di egzakteman anvan ou siyen li.

Si w ta vle plis enfòmasyon sou dwa w yo oubyen ou ta renmen konnen si w gen posiblite ou ka kalifye pou jwenn kèk avantaj nan imigrasyon oubyen yon èd, al kot yon bon avoka. Al sou sit sa a: www.ailalawyer.com pou w ka jwenn yon avoka ki nan zòn ou an.

Pèsonn pa dwe sèvi ak enfòmasyon nan dokiman sa a kòm konsèy yon avoka.



Konnen ki dwa ou geyen: Si imigrasyon vin nan travay ou (pou anplwaye)

Tout moun ki ap viv Ozetazini, ni sa ki gen papye, ni sa ki pa gen papye, tout gen sèten dwa konstitisyon Ameriken an garanti yo. Si ajan imigrasyon (ICE) vin nan travay ou, yo dwe gen yon manda yon jij siyen ki ba yo dwa fè fouy epi ki valab oswa konsantman patwon w pou yo rantre nan espas la. Si w pa gen papye epi yon ajan imigrasyon (ICE) frappe pòt ou, ou gen dwa sa yo:

- **Ou pa bezwen ni panike ni kouri.** Si w pè e ou anvi soti, ou ka leve tou dousman epi soti.
 - Si yo kanpe w, ou ka mande si w ka soti. Si ajan an di w non, pa eseye kouri soti.
 - Si yo ap poze w kesyon, ou ka di yo ou pa deside reponn.
- **Ou gen dwa pou w pa di anyen ditou.** Ou pa oblije di ajan imigrasyon an anyen ditou oswa reponn okenn kesyon li mande w.
 - Si yo mande w ki peyi w te fèt ki lè ou antre Ozetazini, ou ka refize reponn yo oubyen ou ka rete an silans.
 - Si w deside pa di anyen, di yo sa awotvwa.
 - Si yo mande w kanpe nan yon gwoup dapre stati w nan imigrasyon, ou pa dwe deplase, oswa ou kapab al kanpe yon kote kip a la pou yon gwoup anpatikilye.
 - Ou ka montre ofisye a kat ki ekri [konn ki dwa ou genyen](#), kat sa a ap fè l konnen ou pa vle di anyen pi ou ta renmen pale ak yon avoka.
 - Ou kapab refize montre idantifikasyon w ki make nan ki peyi ou soti.
 - Pinga ou montre yo okenn fo dokiman epi pa ba yo manti.
- **Ou gen dwa pou w pale ak yon avoka.** Si yo arete w oubyen si yo mete w nan prizon, ou gen dwa pou w kontakte yon avoka tousuit.
 - Menm si ou pa gen avoka, ou ka di ajan imigrasyon yo ou vle pale ak yon avoka.
 - Si ou gen yon avoka, ou gen dwa pou w pale ak avoka
 - Si w gen yon [Fòm G-28](#), ki siyen, ki fè konnen ou gen yon avoka, bay ajan an fòm nan.
 - Si w pa gen yon avoka mande ajan imigrasyon an pou yon lis avoka ki travay gratis.
 - Ou gen dwa tou pou w kontakte konsila peyi ou. Konsila a ka ede w jwenn yon avoka.
 - Ou ka refize siyen non w sou nenpòt papye toutotan ou poko pale ak yon avoka.
 - Si w deside siyen yon papye san w pa pale ak yon avoka fòk ou sèten ou konn sa papye a di egzakteman anvan ou siyen li.

Si w ta vle plis enfòmasyon sou dwa w yo oubyen ou ta renmen konnen si w gen posiblite ou ka kalifye pou jwenn kèk avantaj nan imigrasyon oubyen yon èd, al kot yon bon avoka. Al sou sit sa a: www.aialawyer.com pou w ka jwenn yon avoka ki nan zòn ou an.



AMERICAN
IMMIGRATION
LAWYERS
ASSOCIATION



Konnen ki dwa ou geyen: Si imigrasyon rete w nan lari

Tout moun ki ap viv Ozetazini, ni sa ki gen papye, ni sa ki pa gen papye, tout gen sèten dwa konstitisyon Ameriken an garanti yo. Si w pa gen papye epi yon ajan imigrasyon (ICE) frape pòt ou, ou gen dwa sa yo:

- **Ou gen dwa pou w pa di anyen ditou.** Ou pa oblije di ajan imigrasyon an anyen ditou. Ou pa oblije reponn okenn kesyon li mande w.
 - Ou kab mande ajan an si w gen dwa ale. Si ajan an di w non ou ka sèvi ak dwa w genyen pou w pa di li anyen.
 - Si yo mande w nan ki peyi w te fèt oubyen kouman ou fè antre Ozetazini, ou ka refize pou w reponn oubyen ou ka rete an silans.
 - Si w deside pa di anyen, di yo sa a awotvwa.
 - Ou ka montre ofisye yo kat ki make Konn ki dwa ou geyen, kat sa a ap fè yo konnen ou pa vle di anyen epi ou ta renmen pale ak yon avoka.
 - Ou kapab refize montre idantifikasyon w ki make nan ki peyi ou soti.
 - Pinga ou montre yo okenn fo dokiman epi pa ba yo manti.
- **Ou gen dwa refize yo fouye w oubyen pou yo fouye zafè w.** Si yo fè w kanpe men yo pa arete w, ou pa oblije dakò pou yo fouye w oswa pou yo fouye afè ou. Men si ajan an sispèk ou gen zam sou wou li kapab tape kò w lejèman pou l wè si w gen zam sou wou.
- **Ou gen dwa pale ak yon avoka.** Si yo kenbe w oubyen si w nan eta darestasyon, ou gen dwa kontakte yon avoka tousuit

- Menm si ou pa gen avoka, ou ka di ajan imigrasyon yo ou vle pale ak yon avoka.
- Si ou gen yon avoka, ou gen dwa pou w pale ak avoka a. Si w gen yon Fòm G-28, ki siyen, ki fè konnen ou gen yon avoka, bay ajan an fòm nan.
- Si w pa gen yon avoka mande ajan imigrasyon an pou yon lis avoka ki travay gratis.
- Ou gen dwa tou pou w kontakte konsila peyi ou. Konsila a kab ede w jwenn yon avoka.
- Ou ka refize siyen non w sou nenpòt papye toutotan ou poko pale ak yon avoka.
- Si w deside siyen yon papye san w pa pale ak yon avoka fòk ou sèten ou konn sa papye a di egzakteman anvan ou siyen li.

Si w ta vle plis enfòmasyon sou dwa w yo oubyen ou ta renmen konnen si w gen posiblite ou ka kalifye pou jwenn kèk avantaj nan imigrasyon oubyen yon èd, al kot yon bon avoka. Al sou sit sa a: www.ailalawyer.com pou w ka jwenn yon avoka ki nan zòn ou an.